Montre Pitit Ou a Kòman pou l Balanse Lekòl ak Aktivite

Ant lekòl, espò, leson mizik ak klib, anpil timoun senpleman gen twòp aktivite. E paran pase plis tan ap monte desann ak timoun olye yo devlope bon rapò avèk yo.

Kle a se balanse travay lekòl, aktivite deyò, tan familyal ak tan pou lwazi. Si pitit ou a ap goumen pou l jwenn tan pou l fè tout bagay:

Retire sou kantite diferan aktivite yo. Pito w pèmèt pitit ou a eksplore sèlman youn oubyen de (2) aktivite an pwofondè.

Diminye kantite tan an jeneral pitit ou a pase nan aktivite ki planifye. Asire w li gen ase tan pou l jwe, fè lekti e eksplore poukont li.

Pa mete presyon sou pitit ou a lè li ap fè espò oubyen li ap pratike mizik. Lè w fache si l manke yon pas oubyen li fè yon move nòt mizik, sa ap fè l pa pran plezi nan aktivite a.

Pase plis tan avèk pitit ou a. Senpleman "pase tan ansanm" e pale. Pase yon sware an fanmi yon fwa pa mwa pou nou ka devlope rapò familyal.

Se prezantasyon

Lekòl Leta Miami-Dade County
http://www.engagemiamidade.net/